

A. REZIME

Rapò endividyèl sa a souliye peripesi ke restavèk ap pase an Ayiti jan

- Pati B adrese kijan pratik restavèk la ap kontinye malgre ke lalwa Ayiti ak lalwa Entènasyonan anpeche sa fèt.
- Pati C dekri kisa ki restavèk la epi li konsantre sou neglijan, move tretman, ak abi ke restavèk soufri.
- Pati D souliyen ki defi ke pèsepsyon kiltirèl, povrete patou, mank enfrastrikti nan gouvènman an ak ranfòseman, ak tranbleman tè a pote pou yo ta aboli restavèk epi pwoteje dwa timoun yo.

B. KAD JURIDIK AK ENSTITISYONÈL

1. Ayiti fè pati Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun, ak Konvansyon sou Dwa Timoun. Ayiti te ratifye (Òganizasyon Entènasyonan Travay) Konvansyon konsènan Entèdiksyon pi move fòm travay timoun e aksyon imedyata pou elimine yo, Konvansyon 182, ak Konvansyon sou minimòm laj travay, Konvansyon 138. Tout konvansyon sa yo entèdi lesklavaj timoun e bay pou timoun gen dwa a ledikasyon, dwa pou yo pa sibi tretman brutal e degradan.

2. Kòm konvansyon entènasyonan yo, Atik 335 de kòd travay Ayiti a entèdi anplwaye timoun ki gen mwens ke 15 zan. Anplis, on lwa pase an 2003 ki spesifikman entèdi mete timoun nan restavèk, entèdi fè timoun abi, e maltrete yo.

3. Malgre lwa sa yo, sistèm restavèk la kontinye grandi. Yo estime ke gen ant 150,000 ak 500,000 timoun restavèk an Ayiti, avèk apeprè 3,000 restavèk Sen Domeng.

C. KONDISYON RESTAVÈK AN AYITI

4. Mo restavèk la soti nan Franse ak Kreyòl ki vle di « rete avèk. » An jeneral, restavèk se timoun ki soti nan fanmi pòv ki an pwovens ke yo voye pou yo rete avèk, epi travay kòm sèvant san peye pou lòt fanmi nan vil yo ki mwen pòv. Paran sa yo voye timoun yo ale avèk espwa ke an echanj pou travay timoun nan, moun li rete avè yo a ap bay timoun nan manje, ak on kote pou'l dòmi, epi voye li lekòl.

5. Moun kip ran timoun nan pwomèt paran biyolojik timoun ke yap byen trete li e ke yo ap voye li lekòl. Malerezman, nan majorite ka yo, pwomès sa yo, se fo pwomès yo ye. Restavèk viv yon vi ki chaje ak travay di ak difikilte. Timoun sa yo, ki toujou okipe ap fè travay, preske pa janm ale lekòl. Vyolasyon dwa edikasyon sa a se vyolasyon obligasyon Ayiti genyen anba Atik 26 de Deklarasyon Dwa Moun, Atik 28 de Konvansyon sou Dwa Timoun, ak Atik 7 nan Òganizasyon Entènasyonan Travay Konvansyon 182.

6. Sistèm restavèk la te kòmanse avèk fanmi pòv ki plase timoun yo nan kay fanmi ki te rich, ki te rete lavil, pou timoun yo te ka gen aksè ak edikasyon ak lòt sèvis sosyal. Men, li vin deteryore nan yon sistèm esklavaj kote yo trafike timoun ki sot nan fanmi pòv yo pou travay kòm sèvant san peye nan kay fanmi ki pòv menm jan avè yo, men ki ap viv lavil.

7. An jeneral, wap jwenn restavèk yo nan klas mwayèn nan oubyen nan zòn ki pi pòv nan Pòtoprens yo. Mank enfrastrikti pou dlo ak lòt sèvis piblik, kòm kouran, nan zòn pòv yo kreye

yon demand pou moun kap travay kay moun al chèche dlo chak jou. Kòm fanmi nan zòn sa yo pa kapab peye yon sèvant, yo ilitize restavèk, kòm yo pa peye yo anyen.

8. PADF ak USAID te fè yon etid kote yo te jwenn ke Site Solèy, zòn ki pi pòv nan Pòtoprens lan, gen plis timoun ki te ap viv kòm restavèk. 16 pousan de timoun an Ayiti ap travay kòm restavèk, men 40 pousan de timoun yo keksyone nan Site Solèy se restavèk.

9. Anvan, se te senpleman transfere timoun nan de yon fanmi a yon lòt. Men, jan sistèm nan ye kounya, se yon fòm de trafik timoun li ye, paske li enplike yon koutye, ke moun peye pou chèche restavèk pou fanmi ki bezwen yo. Sistèm koutye sa a ran ke timoun ki restavèk la vin pèdi kontak konplètman avèk fanmi biyolojik li.

10. Yon restavèk nòmalman travay 10 a 14 è tan pa jou san peye. Restavèk la leve anvan tout fanmi a leve, epi li al domi apre tout moun dòmi. Nan yon jounen, li gen pou li al chèche dlo, epi fè tout travay nan kay la, tankou fè manje, netwayaj, epi lave. Se li menm tou ki al fè komisyon epi mennen e chèche timoun mèt kay la al lekòl.

11. Timoun yo vin restavèk osi jèn ke 5 lane. Sa vle di, ki travay yo, menmsi yo te konn peye yo, epi kondisyon yo te pi bon, tap toujou vyole dwa timoun nan Atik 32 Konvasyon sou Dwa Timoun yo ak Atik 2 Òganizasyon Entanasyon Travay, Konvansyon 138, epi Atik 335 kòd Travay Ayiti a ki di ke timoun ki gen mwens ke 15 zan paka travay.

12. Anplis ke fòse yo fòse yon restavèk fè travay anpil san yo pa voye yo lekòl, yo pa byen pran swen timoun restavèk yo. Anfèt, restavèks yo souvan malnouri kote ke on restavèk ki gen 15 zan pi kout a 4 santimèt epi peze ven kilogram mwens pase timoun ki pa restavèk nan peyi a.

13. Restavèks yo maltrete, neglije, e yo sibi abi emosyonèlman, fizikman, ak seksyèlman nan yon plizyè fason. Synthia, yon ansyen restavèk, rakonte ekstrèm abi fizik regilye li te konn soufri kay Marenn li. Manman Synthia te mouri lè li te yon ti bebe epi yo te voye'l al viv avèk Marenn li, ti sè manman l. Li pat janm voye Synthia lekòl, li te oblije rete nan kay la pou'l fè tout travay nan kay la. Yo pat janm bali afeksyon oubyen montre ke yo renmen'l e yo te konn bat li si li pat fin fè travay li vit, si li pran twòp tan lè li ale chache dlo, oswa si anyen te deplase, oswa manke nan kay la. Yon lannwit, yo te voye Synthia al fè yon komisyon. Li te rete nan yon zòn ki te gen anpil vòlè ak gang, natirèlman, kòm yon jèn ti fi, li te pè. Nan tan pou li rive kay machann nan, boutik la te fèmen. Synthia te konnen ke yo tap bat li, men li te konnen ke li pa te gen okenn kontwòl sou sityasyon an. Lè li retounen, yo te bat li byen grav, epi yo te fè li dòmi deyò pou nwit la

14. Majorite a, apeprè 2/3, nan restavèk yo se tifi. Tifi restavèk yo patikilyèman vilnerab a abi seksyèl nan men gason ki nan fanmi li rete avèl la. Anfèt, pafwa yo rele ti fi restavèk yo « la pou sa. » Fabiola gen 21 an, eli pase majorite vi'l ap pase mizè kòm restavèk. Li te gen 3 zan lè li pèdi manman'l, e i te leve kay yon matant li. Matant lan te gen lòt moun ki tap vin nan kay la, kòm marenn Fabiola. Yon swa, mennaj marenn nan eseye vyole Fabiola. Yon vwazin te tande li ap rele, epi li te vin sove'l. Lè tout moun vin okouran ensidan an, nonm lan pèdi figi epi kite kay la. Yo te bay Fabiola pote chay pou ensidan e yo te vin maltrete'l plis. Yo te tèlman maltrete'l ke vwazin nan te pran li. O kòmansman, vwazin nan te konn trete'l byen, men apre yon tan li te kòmanse bay Fabiola kalòt nan figi a ak bat li. Li te konn bal pote chay pou bagay li pat konn fè. Finalman, Fabiola te kouri kite kay la epi al viv avèk yon madanm ke li te apèn konnen. Madanm

nan te gen mennaj li ki te rete tou pre e Fabiola te oblije pote manje pou li chak apremidi. Nèg la te gen zam e li te gen otorite. Li te konnen ke li te ka manipile Fabiola. On fwa, li mande li a al pran yon bagay pou li anndan chanm li, apre sa li swiv li, epi atake l'. Li te jete l 'kouche sou kabann li, li vyole li. Li te menase touye l 'si li te di nenpòt moun sa ki te rive a. Fabiola pat di pèsoun sa ki te rive epi li te tou pè ke pesonn pa tap kwè li. Apre sa, a Fabiola te eseye jwenn lòt moun pou al pote manje a bay mesye a, Men lè li vin reyalize sa a li te fè bagay yo vin pi mal pou Fabiola chak fwa li pat pote manje a pou li. Sa te pase pandan 2 zan anvan Fabiola te resi chape kite kay la.

15. Kèk restavèk, menmsi si yo pa soufri abi fizik sa yo, soufri emosyonèlman paske yo nan neglijan ak izolasyon. Rosalyn rive nan lekòl lan byen abiye; cheve li fèt ak rad li yo byen pase. Lè ou ap obsève li, ou ka kwè ke li te gen yon bon lavi bon, men andedan nanm li ap soufri pasken li bezwen lanmou. Rosalyn eksplike ke pandan ke dam li te rete avè'l la pat bat li, li te touve ke fason dam nan te konn pale avèk li a te ensipòtab. Rosalyn pa fè rèv ni li pa gen lide sou kisa li ta renmen devni yon jou. Li pa oze gen lespwa. Izolasyon tankou ka Rosalyn nan komen epi li diminye sou devlopman timoun. Timoun restavèk yo pa gen anpil tan pou yo jwe; poutèt sa, yo souvan manke imajinasyon e yo pa reve e yo pa panse ak avni yo. Li difisil pou timoun restavèk imajine yon avni pi byen e diferan.

16. Echèk gouvènman Ayisyen an pou pwoteje timoun kont move tretman ak abi, vyole dwa timoun pou li pa sibi tretman brital, e degradan jan yo di'l nan Atik 5 Deklarasyon Dwa Moun lan, dwa pou jwenn pwoteksyon kont vyolans, abi, ak eksplwatasyon jan sa endike nan Atik 19 nan CRC a, ak dwa pou pa travay ki afekte sante ak sekirite timoun nan kòm Atik 3 nan Òganizasyon Entanasyon Travay, Konvansyon 187.

D. DEFI AK KONTRENT POU ELIMINE RESTAVÈK AN AYITI

17. Prezidan Aristide te eksplike ke sistèm restavèk la tèlman fè pati sosyete ayisyen an, ke anpil moun pa konnen ke yap vyole lalwa. Paran ki nan gwo pwoblèm ekonomik voye pitit yo ale kòm yon mwayen pou siviv ak povrete yo. Paran yo wè plase imoun nan restavèk kòm yon opòtinite pou timoun nan ak fanmi li avanse nan sosyete a. Pou yo, travay kòm yon sèvant lavil omwen ogmante opòtinite pou timoun nan jwenn aksè a edikasyon ak lòt sèvis olye ke viv ak fanmi yo san okenn chans pou avanse nan sosyete a.

18. Anplis, lòt konsekans ak povrete yo tankou mank sante matènèl, fanmi ki genyen anpil pitit, responsablite patènèl, chomaj, pwoblèm klas, mank edikasyon paran yo, ak aksepte kiltirèl kontinye sistèm restavèk lan.

19. Genyen yon pwovèb Kreyòl ki di: *Lè w'ap benyen pitit moun, lave yon bò, kite yon bò. Pwovèb sa a pèmèt moun fè diferans ant pitit pa li, ak pitit on lòt.* Pifò nan fanmi ki pran restavèk yo, pa menm wè restavèks tankou timoun. Yo rekonèt ke san èd yo timoun ki restavèk la, se nan lari li tap rete san manje oubyen kote pou yo rete; se pou sa, pou yo, pran pratik restavèk la se yon bagay pozitif li ye. Anplis, nan pifò ka yo, fanmi ki pran restavèk yo pòv pou tèt pa yo e yo pa menm ka bay pwòp pitit yo manje oubyen voye yo lekòl paske pa genyen ase lekòl piblik. Anfèt, etid PADF ak USAID a te jwenn ke 11%, fanmi ki gen restavèk lakay yo voye menm timoun pa yo nan al rete kay lòt moun kòm restavèk.

20. Pandan ke Lalwa Ayisyen kondane itilize timoun kòm restavèk, sistèm pou ranfòse lwa a, gen anpil pwoblèm. Pa egzanp, lwa 2003 a ki entèdi restavèk, pa bay okenn pinisyon pou moun ki vyole lwa a. Se vre ke Atik 340 ofri pou leve yon amann 3,000 - 5,000 goud kont nenpòt moun ki anplwaye yon timoun ki poko genyen 15 zan, oswa yon timoun ant 15 a 18 an san yon pèmi travay, men pa gen okenn prèv ke gouvènman an ranfòse Atik 340.

21. Pa egzanp, nan lane 2000, Ministè Afè Sosyal, IBESR mete sou plas SOS timoun, yon liy telefòn kote nenpòt sitwayen ka rele pou yo denonse vyolasyon dwa timoun. IBESR rapòte ke li resevwa apeprè 200 apèl chak ane. Malerezman, pwogram nan pat ofri anpil èd, paske li pat gen ase moun ki tap travay sou li. Moun nan pwogram yo te konn poze kesyon sou ka yo, epi eseye edike paran yo pou yo sispan fè timoun yo abi. Pafwa li konn retire timoun nan nan men fanmi an oubyen mennen moun nan lajistis. Men, an jeneral pat gen swivi ki te fèt aprè investigasyon inisyèl la. Pou jounen jodiya, pa gen enfòmasyon pou konnen si liy sa a toujou fonksyone, oubyen si IBESR ka ofri bon èd vre.

22. Anpil òganizasyon (ONG) rekonèt feblès gouvènman Ayisyen an, kòmanse adrese pwoblèm restavèk la. Men, pa vrèman geyen yon apwòch inivèsèl, koòdinasyon, ak sipò gouvènman an. Poutèt sa, majorite òganizasyon sa yo fè kèk ti chanjman sèlman, men yo pa genyen mwayen pou yo rezoud pwoblèm nan nan tout peyi a.

23. Se vre ke restavèk te egziste anvan, men tranbleman d'tè a fè pwoblèm nan vin pi mal. Tranbleman an vin rann anpil timoun òfelen, epi anpil timoun te separe ak fanmi yo nan chèche lojman ak swen medikal. Jiska prezan pa genyen yon sistèm anrejistreman pou moun ka jwenn fanmi ke yo pèdi. Anpil nan timoun ki òfelen sa déjà antre nan kominote a kay moun ki bezwen restavèk. Lòt òfelen yo tounen viktim trafik.

24. Fwontye Ayiti/Sen Domeng la se yon fwontye ouvè, men pa gen anpil règleman paske gouvènman yo sipèvizè kèk pwèn sèlman. Sa vle di, anpil moun ilegalman travèse fwontye a souvan. Ayiti pa gen okenn lwa kont trafike timoun, fwontye a pa regilarize, epi avèk on polis ki fèb, tout faktè sa yo rann ke moun kap trafike timoun yo sou fwontye a fè sa avèk enpinite.

E. REKÒMANDASYON

25. Pran mezi pou asire ke dwa fondamantal tout timoun mache dapre Kòd Travay Ayiti a, Deklarasyon Dwa Moun, Konvansyon sou Dwa Timoun, ak Òganizasyon Entènasyonal Travay Konvansyon 138 e 182. Mezi ka enkli:

- a. Travay ansanm avèk òganizasyon sosyete sivil yo pou asire ke chak timoun gen aksè a manje, lojman, ak edikasyon
- b. Envestige e asire kont randi pou neglijan, move tretman, ak abi ke yo fè timoun restavèk yo.
- c. Bay enstitisyon tankou IBESR ak BPM ki gen responsabilite pou pwoteje timoun yo jarèt.

Pran mezi pou asire ke dwa fondamantal timoun ki nan restavèk kòm dwa edikasyon, santé, manje, ak dwa pou pa izole, neglije, move tretman ak abi.

26. Devlope on plan aksyon, an konsiltasyon avèk sosyete sivil, e spesifikman òganizasyon yo ki ap travay pou konbat pwoblèm restavèk la, pou adrese pwoblèm restavèk la ala baz pou asire ke okenn lòt timoun pa jwenn tèt yo nan sityasyon esklavaj, oubyen travay fòse, men ke yo

gen opòtinite pou yo grandi menm jan ak lòt timoun, jwi anfans yo. Plan sa a sipoze gen strateji pou kreye:

- a. Travay pou paran biyolojik pou amelyoe strès ak pwa povrete a mete sou yo.
 - b. On sistèm lekòl piblik nasyonal ki sèvi tout timoun ki nan lavil ak sa yo ki nan pwovens yo.
 - c. pwogram literè pou granmoun pou bati kapasite endividyèl ak diyite pèsònèl, pou ankouraje plis respè pou edikasyon ak dwa timoun, e pou aprann paran yo lòt altènatif pou yo disipline timoun yo san yo pa oblije bat yo.
 - d. enfrastrikti pou dlo, konsa nou ka elimine bezwen pou sèvant ak timoun yo al chèche dlo chak jou.
 - e. pwogram planin pou soulaje presyon ekonomik sou fanmi ki déjà gen anpil timoun e pwogram matènèl pou redwi mòtalite matènèl ki ap anpeche òfelen.
 - f. on kanpay pou enfòmè piblik la pou chanje pèspektif popilasyon Ayisyen an pou yo sispan aksepte sistèm restavèk la, epi pou yo wè pratik la kòm yon fòm esklavaj.
27. Pran mezi pou anpeche trafik timoun ki restavèk yo se swa an Ayiti, oubyen nan lòt peyi pa:
- a. Pase lwa ki entèdi tout fòm trafik and spesifikman defini ke mete timoun nan restavèk so yon fòm de trafik li ye.
 - b. Ranfòse polis Ayisyen an atravè fòmasyon sou pwoblèm restavèk la. Mete aksan sou chanje atitid moun sou akseptans pratik restavèk la, epi enstriksyon pou yo travay avèk moun ki viktim vyòl.
 - c. Ogmante siveyans sou fwontyè Ayiti/Dominiken an.